# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–23 दिसंबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु लखनऊ अउर प्रयागराज के सथहीं देस के पैंतालीस जगहिनि पर वर्चुअल माध्यम से आयोजित रोजिगार मेला में सामिल भइलें। येह दौरान प्रधानमंत्री केन्द्र सरकार के कई विभागन अउर संगठनन में नोकरी पावे वाले एकहत्तर हजार से जियादे नौजवानन के नियुक्ति पत्र दिहलें।

प्रयागराज के फाफामऊ में केन्द्रीय स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण राज्य मंत्री अनुप्रिया सिंह पटेल अलगि–अलगि पदन पर चुनल गइल नौजवानन के नियुक्ति पत्र दिहलिनि। येह मौका पर अपने सम्बोधन में श्रीमती पटेल कहलिनि कि देस में सुरू भइल रोजिगार मेला के सुरूआत देस के आगे बढ़वले क एगो यात्रा हउवे। देस में जग रोजिगार मिलले क सुरूआति भइल त येह श्रृंखला में दस लाख लोगिन के नोकरी दिहले क लक्ष्य रक्खल गइल रहे अउर आजु हमहन के करीब आठ लाख नौजवानन के नोकरी दे दिहले हईं अउर आजु देस के पैंतालीस जगहिनि पर एकहत्तर हजार से जियादे नौजवानन के नियुक्ति पत्र बांटल जा रहल हउवे। ओहर लखनऊ के बिजनौर में बिदेस राज्य मंत्री कीर्तिवर्धन सिंह नौजवानन के नियुक्ति पत्र देत कहलें कि रोजिगार मेला रोजिगार सृजन के सर्वोच्च प्राथमिकता दिहले के प्रधानमंत्री के प्रतिबद्धता के पूरा कइले के दिसा में एगो कदम हउवे।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ओन्तीस दिसम्बर के आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम में देस–बिदेस के लोगिन के साथ आपन बिचार साझा करिहें। ई मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ सतरहवीं कड़ी होई। कार्यक्रम बदे लोगि आपन बिचार अउर सुझाव टोल फ्री नम्बर एक आठ सुन्न सुन्न एक एक सात आठ सुन्न सुन्न के जरिये दे सके लें। सथहीं, नरेन्द्र मोदी ऐप आ चाहे माई जीओवी ओपेन फोरन के जरिये ऑनलाइनों साझा कइ सके लें। सुझाव येह महिन्ना के सत्ताइस तारीख ले मंजूर कइल जाई।

**********

पूर्व प्रधानमंत्री, भारत रत्न चौधरी चरण सिंह क एक सौ बाइसवीं जयंती आजु किसान दिवस के रूप में पूरा प्रदेस में मनावल जा रहल हउवे। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ विधानसभा में स्थित चौधरी चरण सिंह के मुरती पर माल्यार्पण कइ के उन्हें नमन कइलें सथहीं, कृषि के क्षेत्र में उल्लेखनीय कार करे वाले किसानन अउर कृषि वैज्ञानिकन के सम्मानित कइ के उनकर उत्साह बढ़वलें। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि चौधरी साबह कहत रहलें कि किसान गरीब होई त भारत अमीर नाहीं हो सके ला। भारत के समृद्ध बनावे खातिर अन्नदाता किसान के समृद्ध बनावे के पड़ी। येही के धियान में रखि के प्रधानमंत्री के अगुआई में डबल इंजन सरकार की ओरि से किसानन के उत्थान बदे लगतारे कार हो रहल बाटे। किसानन बदे दुइ हजार चउदह से जवन कोसिस सुरू भइल दुनिया ओहके मॉडल के रूप में देखति हउवे। येह मौका पर रायबरेली, इटावा, मेरठ, अमरोहा के सथहीं प्रदेस के कई गो जिलन में चौधरी चरण सिंह के यादि में कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल।

**********

प्रयागराज के महाकुंभ दुइ हजार पचीस के तइयारी के देखत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु प्रयागराज के एक दिन के दौरा पर रहलें। येह दौरान मुख्यमंत्री टेंट सिटी, मेला सर्किट हाउस, दशाश्वमेध घाट, स्वरूप रानी मेडिकल अस्पताल के सथहीं कई जगहिनि क निरीक्षण कइ के सम्बन्धित अधिकारियन के जल्दी से जल्दी काम पूरा कइले क निरदेस दिहलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री दशाश्वमेध घाट पर मां गंगा क पूजो–पाठ कइलें।

**********

उत्तर प्रदेश पुलिस अउर पंजाब पुलिस के संयुक्त अभियान में आजु पीलीभीत में भइल मुठभेड़ में तीनि गो खालिस्तानी आतंकी मारल गइलें। सूत्रन के मोताबिक ई आतंकवादी ओन्नइस दिसम्बर के पंजाब के गुरदासपुर जिला में पुलिस चउकी पर ग्रेनेट हमला में सामिल रहलें। पुलिस सूत्रन के मोताबिक येह क्षेत्र में खालिस्तानी आतंकियन के संदिग्ध गतिविधि क सुराग मिलल रहे। पुलिस क संयुक्त टीमि उन्हें पकड़ले क कोसिस कइलसि, बाकिर उनहन लोगिन की ओरि से गोलीबारी सुरू हो गइल अउर मुठभेड़ भइल। पुलिस मुठभेड़ में सज्जो आतंकी गम्हिराहे घाही हो गइलें, जिन्हें इलाज बदे सीएचसी पूरनपुर अस्पताल भेजल गइल, जहवां डॉक्टर लोगि ओह सबके मृत घोसित कइ दिहलें।

**********

अजोध्या में रामलला के प्राण प्रतिस्ठा महोत्सव क तीनि दिवसीय वार्षिकोत्सव अगिला महिन्ना इग्यारह जनौरी से सुरू होई। श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क महासचिव चंपत राय मीडिया के बतवलें कि प्राण प्रतिस्ठा महोत्सव क पहिली वर्षगांठ दिव्यता अउर भव्यता के साथे मनावल जाई। पांच गो अलगि–अलगि जगहिनि पर इग्यारह से तेरह जनौरी ले कई तरह क कार्यक्रम होई। उहां के बतवलीं कि येह महिन्ना के आखीर ले श्रीराम जनमभूमि परिसर में राम मंदिर के सथहीं बने वाले सज्जो अठारह मंदिर क निरमाण पूरा हो जाई।

**********

गोरखपुर के चरगांवां जनता इण्टर कॉलेज में आजु बाल स्वास्थ्य मेला क आयोजन कइल गइल। मेला क सुभारम्भ राष्ट्रीय टीबी उन्मूलन कार्यक्रम क ब्रांड एम्बेसडर अउर सांसद रवि किशन शुक्ल कइलें। श्री शुक्ल येह दौरान टीबी क इलाज करवा रहल लइकन क मनोबल बढ़वलें अउर येह सज्जो लइकन के स्वयंसेवी संस्था सेफ सोसाइटी की ओरि से पोसण पोटली दिहलें। येह मौका पर श्री शुक्ल कहलें कि देस क प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बरिस दुइ हजार पचीसे में भारत के टीबी से मुक्त करववले क संकल्प लिहले हवें। येह मुहिम में हमहन के तेजी से निक्षय मित्रन के सहजोग से आगे बढ़त हईं।

**********